**REZYUME.** Bul maqala Á.Nawayı shıǵarmalarınıń búgingi kún menen únlesligi hám ilimniń ulıǵlanıwı, innovaciyalıq oylarına arnalǵan.

**РЕЗЮМЕ.** Эта статья посвящена актуальности произведений А.Навои, инновационным мыслям и прославлению науки в его произведниях.

**SUMMARY.** This article is devoted to the relevance of A. Navoi's works, innovative thoughts and glorification of science in his works.

## ÓZBEKSTANDA HAYAL - QIZLAR HÁREKETINIŃ RAWAJLANÍWÍNDA MÁMLEKETLIK EMES, KOMMERCIYALÍQ EMES SHÓLKEMLERDIŃ ORNÍ

**L.K.Urazova** - *tariyx ilimleri kandidatı, docent*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem oner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** O'zbekiston Respublikasi, nodavlat notijorat tashkilotlari, oila, huquq, onalik, kasaba uyushmalari, xotin-qizlar uyushmalari, normativ-huquqiy hujjatlar.

**Ключевые слова:** Республика Узбекистан, Негосударственные Некоммерческие организации, семья, права, материнство, профсоюзы, женские ассоциации, нормативно правовые документы.

**Key words:** Republic of Uzbekistan, Non-governmental non-profit organizations, family, rights, motherhood, trade unions, women's associations, normative legal documents.

Ǵárezsizlikke erisiw dáwirinde hayal-qızlardıń huqıqıy jáne social qatnasıqlardıń jańa sistemasın qurıw principleri hám normaların ámelge asırıwdaǵı ornı ayrıqsha. Mámlekettiń normativlik-huqıqıy hújjetlerinde hayal-qızlardıń jámiyet hám shańaraqtaǵı ornı ayrıqsha belgilengen bolıp, bul mámleket institutlarına, jámiyetshilikke hám hár bir puqaraǵa hayal-qızlarımızdıń tágdiri hám turmısı ushın juwapkerlikti júkleydi.

Ózbekstan Respublikası prezidenti Shavkat Mirziyoyev hayal-qızlardıń jámiyettegi rolin joqarı bahalap, hayal-qızlar Ózbekstan insan kapitalınıń altın fondın qurawın aytıp ótti [1]. Dástúrge kóre, hayal-qızlar shańaraq oshaǵınıń saqlaǵıshları, úydegi tınıshlıq hám párawanlıq ushın juwapker, balalar hám aqlıqlardı tárbiyalaydı. Búgingi kúnde mámleketimizde hayal-qızlardıń mámleket hám jámiyet turmısındaǵı ornı barǵan sayın artıp baratırǵanı quwanarlı. Olar mámlekettiń sociallıq-siyasiy turmısında belsene qatnasıp, Ózbekstannıń rawajlanıwına múnásip úles qosıp atır. Mámleketimizde hayal-qızlardıń huqıq hám nızamlı máplerin támiyinlew, olardıń qábiletleri hám múmkinshiliklerin ámelge asırıw, hayallardı jámiettiń teń huqıqlı, belsene hám ǵayratker aǵzalarına aylandırıwǵa qaratılǵan keń kólemli jumıslar ámelge asırılıp atır. Mámleket siyasatı dárejesine hayallardı social qorǵawdı kúsheytiw, olardı jumıs penen támiyinlew, densawlıǵın bekkemlew hám qorǵaw máselesi kóterildi.

Búgingi kúnde Ózbekstan tárepinen hayal-qızlar máplerin qorǵawǵa qaratılǵan 100 den artıq milliy hám xalıq aralıq huqıqıy hújjetler qabıllandı hám ratifikatsiya etildi. Hayallardıń mámleket basqarıwındaǵı qatnasıwı da barǵan sayın belsendilesip barmaqta. Bul nızamlardıń ámelge asırılıwı hayal-qızlarǵa bolǵan múnásibetti ózgertiwge, olardıń jámiyet hám mámleketlik jumısların basqarıwda, sonday-aq qararlardı qabıllaw proceslerinde qatnasıw dárejesin asırıwǵa múmkinshilik beredi. Joqarı maǵlıwmat alıw múmkinshiligin keńeytiw, sonıń menen birge, hayal-qızlar bántligin asırıwda úlken áhmiyetke iye. 1992 jılı Ózbekstan BMShǵa qabıl etilgeninen keyin, birneshe jıl dawamında puqara hám shaxstıń hár tárepleme teńligi ilajların ámelge asırıw tiykarları islep shıǵıldı. 1993 jıl 4-martta Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Sog'lom avlod uchun» ordenin tastıyıqlaw haqqında Pármanı qabıl etildi.

1995 jılı iyul ayında Ózbekstan BMSh niń «Hayal-qızlarǵa qaratılǵan diskriminaciyanıń barlıq formaların saplastırıw haqqında»ǵı Konvenciyasına qosıldı. Bir qatar basqa ilajlar ótkerilip, atap aytqanda, sol jılı Ózbekstan Respublikası Parlamenti janında insan huqıqları boyınsha wákil institutı (Ombudsman) dúzildi, onıń ústin turatuǵın baǵdarı hayal-qızlar hám balalar huqıqların qorǵaw boldı.

Búgingi kúnde Ózbekstanda 34 739 400 adam sanı bolıp, olardan 17 471 823 hayal-qızlar [2], yaǵnıy Respublika xalqınıń derlik yarımın hayal-qızlar quraydı hám olardıń anıq máseleleri tiykarǵı sociallıq áhmiyetke iye. Hayallardıń kúndelik turmısı jámiyetke úlken tásir kórsetedi hám hayal-qızlardıń rawajlanıwı progresstiń kórsetkishi bolıp tabıladı.

Hár jılı arnawlı mámleketlik dásturler qabıl etiledi, onıń sheńberinde belgili bir jóneliste sistemalı jumıslar alıp barıladı, bul belgili dárejede hayal-qızlarımizdıń turmıs sharayatı hám sapasın jaqsılawǵa qaratılǵan. Bunnan tısqarı, Ózbekstan Oraylıq Aziyada birinshilerden bolıp BMSh hám xalıqaralıq miynet shólkeminiń «Hayal-qızlarǵa qaratılǵan diskriminaciyanıń barlıq formaların saplastırıw haqqında», «Analıqtı qorǵaw haqqında», «Miynet hám kásip óner tarawında diskriminaciya haqqında» hám basqa hújjetlerdi ratifikaciya etti.

Puqaralıq jámiyetti mámleketlik emes shólkemlerdiń rawajlanǵan dúzilissiz kóz aldımızǵa keltiriw múmkin emes, bul jámiyette mápler ham turaqlılıq teń salmaqlıǵın támiyinleydi hám saqlap turadı, mámleket hám jámiyettiń turaqlı rawajlanıwında áhmiyetli shárt bolıp tabıladı. Bul másele Ózbekstanda ústin turatuǵın áhmiyetke iye bolıp atır.

Ózbekstan Ádillik ministrligi maǵlıwmatlarına kóre, búgingi kúnde mámlekette mámleketlik emes, kommerciyalıq bolmaǵan shólkemler sanı segiz mıńnan astı. Olardıń kópshiligi isbilermenlik, demokratiyalıq institutlar hám jaslardı, mayıplardı qollap-quwatlaw menen shuǵıllanadı. 2015-jılǵa kelip mámlekette 530 dan artıq mámleketlik emes, kommerciyalıq bolmaǵan shólkemler iskerlik kórsetken. Olar hayal-qızlar huqıqların isenimli qorǵaw, reproduktivlik salamatlıq, kásipke tayarlaw hám qayta tayarlaw tarawındaǵı áhmiyetli social hám gumanitar máselelerdi sheshiwde belsene qatnasadı. Sonı atap ótiw kerek, mámleketimizde hayal-qızlardıń siyasiy hám huqıqıy mádeniyatı, social belsendiligi ósip baratırǵan dárejesi mámleket hám jámiyetlik basqarıwdıń barlıq buwınlarında, sud-huqıq sistemasında, social dizimlerde, ulıwma jámiyetimizdiń barlıq tarawlarında hám tarmaqlarında gúzetiliwi múmkin. Házirgi waqıtta barlıq siyasiy partiyalar quramında «hayal-qızlar qanatı» iskerlik kórsetip atır [3]. Jámi 280 mámleketlik emes, kommerciyalıq bolmaǵan shólkemler hayallardı qollap-quwatlaw tarawında isleydi, 220 den densawlıqtı saqlawdı qollap-quwatlaydı hám 150 den artıq bilimlendiriw sistemasında isleydi. Hayal-qızlar mámleketlik emes kommerciyalıq bolmaǵan shólkemleriniń rawajlanıwı hayal-qızlardıń Ózbekstannıń siyasiy turmısında qatnasıwı kózqarasınan eń unamlı tabıslardan biri esaplanadı. 1991-jılı bir ǵana hayal-qızlar mámleketlik emes shólkemi isbilermen hayal-qızlar awqamı bar edi. Biraq, hayal-qızlardıń siyasiy belsendiligi basqa formada, atap aytqanda, rawajlanıp atırǵan mámleketlik emes sektorında kórinedi. Ózbekstandaǵı mámleketlik emes kommerciyalıq bolmaǵan shólkemleriniń birinshi náwbettegi wazıypası shańaraq hám jámiyettegi hayal-qızlardıń mártebesin asırıw bolıp tabıladı; hayal-qızlar hám olardıń nızamlı huqıqların qorǵaw; isbilermenlik iskerligi hám daramat alıw múmkinshiliklerin keńeytiw.

Kóp sanlı mámleketlik emes shólkemlerdi jaratıw (Shańaraqtı joybarlaw milliy associaciyası, «Salamat áwlad ushın» fondı, Isbilermen hayal-qızlar awqamı, hayal ekonomistler hám isbilermenler awqamları, yurist hayal-qızlar hám basqalar) respublikada «hayal-qızlar jumısların» sol waqıtqa shekem bolǵanınan pútkilley basqasha tegislikke qoydı [4]. Hayal-qızlar mámleketlik emes shólkemleriniń dúziliwi, jańa kúshlerdiń qáliplesiwiniń dinamikliginen derek beredi. Ózbekstanda «Hayal-qızlar resurs orayı», «Tadbirkor ayol» isbilermen hayal-qızlar awqamı, «Olima» – hayal-qız ilimpazlar awqamı hám basqalar dúzildi. Hár jılı social rawajlanıw baǵdarlamalar járiyalanıp, olar hayal-qızlar hám balalardıń jaǵdayın jaqsılawǵa qaratılǵan.

«Balalardı qutqaramız» xalıqaralıq shólkemi maǵlıwmatlarına kóre, sorawda qatnasqan dúnyanıń 161 mámleketinen Ózbekstan ósip kiyatırǵan awladtıń densawlıǵına úlken itibar qaratıp atırǵan mámleketlikler reytinginde 9-orındı iyelegeni biykarǵa emes.

Ózbekstandaǵı kásiplik awqamlar mútáj shańaraqlarǵa, mayıp balaları bolǵan shańaraqlarǵa, sonıń menen birge jas shańaraqlarǵa turaq-jay, jumıs orınları menen támiyinlewde, shańaraqqa tiyisli biznes hám isbilermenlikti rawajlandırıwda materiallıq járdem kórsetedi. Ana hayallardıń hám balalardıń densawlıǵın saqlap, kásiplik awqamlar olarǵa Respublikanıń eń jaqsı dem alıw hám emleniw orınlarında emleniwge múmkinshilik jaratadı. Shańaraqlardaǵı balalarǵa dem alıw lagerlerinde dene tárbiyası hám sport penen shuǵıllanıwda járdem beriw arqalı kásiplik awqamlar «saw ana – saw bala» principin ámelge asırıwǵa, analıq hám balalıqtı qorǵawǵa úles qosıp atır. Solay etip, kásiplik awqamlar eń áhmiyetli puqaralıq institutlarınan biri retinde social toparlardıń ózgesheliginen kelip shıqqan halda jámiyettegi mápler teń salmaqlılıǵın támiyinlewde belsene qatnasıp kelmekte. «Ózbekstannıń zamanagóy hayal-qızları bul social belsendi shaxs bolıp, ol tálim aladı, kásip iyeleydi, mártebe artıwın ámelge asıradı, mámleket hám jámiyet turmısında tikkeley qatnasadı» [5]. Búgingi kúnde turmıstıń ózi analıq hám balalıqtı qorǵaw, saw hám bárkamal áwladtı qáliplestiriw sıyaqlı áhmiyetli máselelerdi sheshiwde hayal-qızlar shólkemleri iskerligi nátiyjeliligin jáne de asırıwdı talap etedi. Sonı aytıw kerek, búgingi kúnde hayal-qızlar mám-

leketimiz xalqınıń derlik 50 procentin quraydı. Zamanagóy jámiyette hayal-qızlardıń barlıq tarawlardaǵı nátiyjeli miyneti, balalardı tárbiyalaw, shańaraqtı bekkemlewdegi úlken xızmetlerin, jámiyettegi ornı, Jańa Ózbekstan jetiskenliklerine qosqan bahasız úlesi júdá úlken bolıp tabıladı.

## Ádebiyatlar


1. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoyevtiń xalıq aralıq hayal-qızlar kúnine arnalǵan saltanatli máresimdegi sóylewi. 6 mart 2019.
2. Internetten alınǵan maǵlıwmat bolıp, 31 dekabr 2022 jılǵı kórsetkish.
3. Юсупова Т.Г., Бакиев К.Т., Исхаков Б. Б. «Защита прав и интересов женщин в Узбекистане», Журнал Молодой ученый. Научный журнал. № 9, 2015 г., 887-889.
4. Алимова Д.А. «История как история, история как наука». I. Ташкент «Узбекистан» 2008 г., стр. 270.
5. «Народное слово» gazetası, 11-mart 2019 jıl.



**REZYUME.** Maqolada nodavlat notijorat tashkilotlarining O‘zbekistonda xotin-qizlar harakatini rivojlantirishdagi o‘rni, ularning jamiyatdagi ayollarning roli va maqomini oshirishdagi vazifalari o‘rganiladi. O‘zbekiston Respublikasining xotin-qizlar masalalari bo‘yicha normativ-huquqiy hujjatlari, ayollarni ijtimoiy himoya qilish masalasi ko‘rib chiqildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье изучается роль Негосударственных Некоммерческих организации в развитии женского движения в Узбекистане, их задачи и функции в повышении роли и статуса женщин в обществе. Рассмотрены нормативно-правовые документы Республики Узбекистан по вопросам женщин, вопрос социальной защиты женщин.

**SUMMARY.** The article examines the role of non-governmental non-profit organizations in the development of the women's movement in Uzbekistan, their tasks and functions in increasing the role and status of women in society. The normative legal documents of the Republic of Uzbekistan on women's issues, the issue of social protection of women are considered.


# ХУСУСИЙ НОДАВЛАТ ТЕЛЕРАДИОКАНАЛЛАРНИНГ АҲОЛИ ИЖТИМОИЙ МАДАНИЙ ДАРАЖАСИГА ТАСИРИ


**А.К.Утепбергенова** - *катта ўқитувчи*

*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали*



**Таянч сўзлар:** оммовий ахборат воситалари, сўз эркинлиги, фуқаролик жамияти, демократия, телевидение, радио, тележурналистика, мухаррир, редакция, телевизор.

**Ключевые слова:** СМИ, свобода слова, гражданское общество, демократия, телевидение, радио,тележурналистика, редакция, редактор, телевидение.

**Key words:** media, freedom of speech, civil society, democracy, television, radio, television journalism, editors,editorial, television.


Қорақалпоғистонда биринчи марта нодавлат радиостанция «Нукус-FM» радиостанцияси бўлиб, эшиттиришлари 2009 йил 5 сентябр куни 104,7 Мгц частотада эфирга узатилди. Уни марҳум журналист Бахитбек Елманов ташкил етган эди. «Нукус FM» радиоси тўлиқ форматли эфирга эга Қорақалпоғистон Республикасида биринчи тижорат радиостанцияси бўлиб ҳисобланади. «Нукус-FM» дарҳол радио тингловчилари, айниқса ёшлар орасида машҳур бўлди. Барча дастурлар бошқа радиостанциялардан ўзига хослиги ва креативлиги, қизиқарли ва инновацион ёндашуви билан ажралиб турарди. Дастлаб «Нукус-FM» радиостанциясининг радио эшиттириш зонаси қамрови Нукус шаҳри, Тахиатош, Хўжайли ва Кегейли туманининг бир қисми ҳудудида 800 минггача тингловчидан иборат потенциал аудиторияга тарқатилди. Радиостанция асосан ёшларга йўналтирилган бўлиб, ўз эшиттиришлари асосан жонли эфирда ва интенсив мулоқот шаклида олиб борди. [1]

2016 йил 27-июн куни радиостанция янги илғор технологиялар ва компьютер ускуналари билан жиҳозланган янги студияга кўчиб ўтди.

Шу кундан бошлаб «Нукус-FM» радиостанцияси ривожланишининг янги босқичи бошланди. Оммабоп янги дастурлар, жумладан радиостанция ижодий гуруҳи тарафидан «Старт-FM» эрталабки кўнгилочар дастури,